

# Kisa NYSCB ye?

Komisyon Eta New York pou Moun ki Avèg (New York State Commission for the Blind) ede moun tout laj k ap viv nan eta a pou mennen lavi yo yon fason ki pwodiktif. Pou fè sa, yo bay sèvis konsèy pwofesyonèl, sèvis reyabilitasyon ak sèvis fòmasyon pou jwenn travay.

## Men kèk sèvis tranzisyon ki ka genyen:

- Konsèy pwofesyonèl
- Sipò
- Fòmasyon pou vwayaje
- Fòmasyon pou gen ladrès pou viv chak jou
- Ekipman pou adaptasyon
- Fòmasyon pou gen ladrès pre-pwofesyonèl ak ladrès jeneral
- Fòmasyon nan teknoloji
- Eksperyans pou prepare pou kolèj
- Eksperyans travay pandan sezon lete ak pandan tout ane a
- Oryantasyon ak sipò apre lekòl segondè
- Sèvis ak èd pou vizyon fèb
- Sèvis plasman nan djòb
- Konsèy sou fason pou jwenn avantaj



**Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis yo rele nimewo:**

**1-866-871-3000**

— OSWA —

**Ale nan sitwèb nou:**  
**[www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)**

NYSCB se yon divizyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services).



Andrew M. Cuomo,  
Gouvènè

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib nan fòma ki apwopriye sou demann.

Pub-5149B (9/2013)

# seeing possibilities

viv • travay • grandi

YON GID POU SÈVIS YO



**POU TRANZISYON POU  
JÈN MOUN YO**

# NYSCB

[www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)



## Kimoun ki kalifye?

Moun k ap viv nan New York ki gen ant laj 10 ak 24 ane epi ki avèg oswa soud-avèg epitou ki vle prepare pou fiti travay ka kalifye pou sèvis tranzisyon yo. Sèvis tranzisyon yo konsantre sou fason pou ede ou prepare pou yon karyè ki annamoni avèk ladrès ou ak enterè ou.

### Sesite legal defini kòm:

- Yon akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan avèk pi bon koreksyon OSWA
- Yon chan vizyon 20 degre ki gen restriksyon oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan.

Rele NYSCB nan nimewo **1-866-871-3000**, oswa ale nan sitwèb nou **visionloss.ny.gov** pou jwenn plis enfòmasyon.

## Sa nou kapab fè

Konseye tranzisyon NYSCB yo espesyalize nan travay avèk jèn moun ak jèn adilt ki avèg legalman, pou gide yo nan chemen karyè yo chwazi.

Objektif sèvis tranzisyon an se pou ede ou vin gen ladrès pou viv, analize karyè, jwenn fòmasyon apre lekòl segondè, epi prepare pou travay.

Konseye yo travay nan tèt ansanm avèk ou ak fanmi ou pou ofri ou posiblite pou analiz karyè epi pou gen eksperyans travay pandan ou nan lekòl segondè, epitou pou asire ou gen ladrès ak zouti pou reyalize objektif karyè ou.

Konsèy, oryantasyon, konsiltasyon edikasyonèl ak kowòdinasyon pwofesyonèl ede fè tranzisyon ou ant lekòl ak travay vin yon tranzisyon ki gen siksè.

**NYSCB**  
www.visionloss.ny.gov

## Kote pou aplike

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis NYSCB ofri yo, tanpri rele biwo rejyonal ki pi pre ou.

### Albany

40 N. Pearl St., 10th Fl., Ste. D  
Albany, NY 12243  
(518) 473-1675

### Adrès Postal

52 Washington St.  
Rensselaer, NY 12144

### Buffalo

295 Main St., Rm. 590  
Buffalo, NY 14203  
(716) 847-3516

### Harlem

163 West 125th St., Rm. 209  
New York, NY 10027  
(212) 961-4440

### Hempstead

50 Clinton St., Ste. 208  
Hempstead, NY 11550  
(516) 564-4311

### New York City

80 Maiden Lane, 23rd Fl.  
New York, NY 10038  
(212) 825-5710

### Rochester (Outstation)

259 Monroe Ave., Sal 303  
Rochester, NY 14607  
(585) 238-8110

### Syracuse

100 S. Salina St., Ste. 105  
Syracuse, NY 13202  
(315) 423-5417

### White Plains

445 Hamilton Ave., Sal 503  
White Plains, NY 10601  
(914) 993-5370

**Pou jwenn enfòmasyon ou ka  
rele nimewo gratis nou tou  
nan: 1-866-871-3000**

— OSWA —

**Ale nan sitwèb nou:  
www.visionloss.ny.gov**

